



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA DIJANS NAN KONTE ANPLIS PANDAN
TANPÈT NÒDÈS LA AFEKTE ETA A AVÈK GWO NÈJ, GWO VAN AK
INONDASYON KOTYÈ JISKA JEDI SWA**

Eta dijans an vigè kounye a pou Vil New York, ansanm ak konte Albany, Broome, Cayuga, Chemung, Chenango, Clinton, Columbia, Cortland, Delaware, Dutchess, Essex, Fulton, Greene, Hamilton, Herkimer, Madison, Montgomery, Nassau, Oneida, Onondaga, Orange, Otsego, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Schuyler, Seneca, Suffolk, Sullivan, Tioga, Tompkins, Ulster, Warren, Washington, Westchester, ak Yates

Gouvènè a deplwaye 130 manm nan Gad Nasyonal la nan zòn ki frape pi rèd yo pou ede nan efò entèvansyon ijans yo

Yo ankouraje Nouyòkè yo rete lakay yo epi evite vwayaje pandan kondisyon ki sanble ak tanpèt nèj yo pral rekouvri pifò Eta a

Sèvis metwo ki anwo tan yo sispann apati apwoksimativman 2:00 P.M.

Wout Ray Tren Long Island ap sispann sèvis ant apwoksimativman 2:30 pou rive 3:30 PM avèk dènye tren yo ki ap kite Penn Station ak Atlantic Terminal; Metro-North ap sispann sèvis bò apwoksimativman 3:00 PM avèk dènye tren yo ki ap kite Tèminal Grand Central

Yo entèdi tandèm kout ak long yo sou I-87 soti nan liy fwontyè NYC rive nan Sòti 24 nan Albany, I-95 ak I-287; Trelè vid yo entèdi sou I-87 ant Sòti 8 rive nan Sòti 21A, Berkshire Spur ak Pon Gouvènè Mario M. Cuomo

Kèk pòsyon nan wout enpòtan yo gen ladan Long Island Expressway, I-84 ak anpil wout pak yo gendwa fè fas ak entèdiksyon si pousantaj chit nèj yo atenn ant 2 rive 3 pous pa èdtan

Tandèm kout ak long yo rete entèdi sou I-87 la soti nan liy fwontyè NYC rive nan Sòti 24 nan Albany, I-95 ak I-287; trelè vid sou I-87 la ant Sòti 8 rive Sòti 21A, Anbranchman Berkshire ak Pon Gouvènè Mario M. Cuomo

Trelè vid ak trelè tandèm yo rete entèdi tou sou tout pon ak tinèl MTA yo, pon Otorite Pòtyè a, liy fwontyè Eta Pennsylvania rive nan liy fwontyè Eta

Connecticut, Route 17, soti nan Lès Binghamton rive nan liy fwontyè Eta New Jersey ak tout longè I-684 la

Gouvènè Cuomo te etann jodi a yon eta dijans deklare pou kouvri 44 konte New York pandan yon Tanpèt Nòdès ki ap deplase lantman ap prepare pou li pwodwi kondisyon ki sanble ak tanpèt nèj pou de (2) pwochen jou yo avèk rafal van yo ki ap varye ant 64 rive 96 kilomèt pa èdtan. Espesyalman, deklarasyon ijans lan kounye a gen ladan Vil New York ak Konte Albany, Broome, Cayuga, Chemung, Chenango, Clinton, Columbia, Cortland, Delaware, Dutchess, Essex, Fulton, Greene, Hamilton, Herkimer, Madison, Montgomery, Nassau, Oneida, Onondaga, Orange, Otsego, Putnam, Rensselaer, Rockland, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Schuyler, Seneca, Suffolk, Sullivan, Tioga, Tompkins, Ulster, Warren, Washington, Westchester, ak Yates.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te deplwaye 130 manm nan Gad Nasyonal New York (New York National Guard) la nan zòn yo prevwa ki ap frape pi rèd yo nan tout Hudson Valley, Vil New York ak Long Island. Deplwaman an gen ladan senk Fòs Repons Ijans (Emergency Response Forces), ki konpoze ak senk veyikil ak 20 sòlda yo chak, ki kapab ede fòs aplikasyon lalwa lokal yo ak pèsònèl entèvansyon ijans yo nan yon ansanm fonksyon ki gen rapò ak tanpèt. Inite yo deyò nan Long Island (106yèm Branch Sovtaj), Hudson Valley a (105yèm Branch Ayeryen), Rejyon Kapital la (109yèm Paviyon Ayeryen), New York Santral (174yèm Branch Atak), ak Rejyon Lwès New York (107yèm Branch Atak). Epitou, 30 manm nan Fòs Entèvansyon Konjwen Empire Shield (Joint Task Force Empire Shield) ki baze nan Vil New York ap mobilize pou asiste nan misyon entèvansyon kont tanpèt yo.

Finalman, Gouvènè a kontinye ap ankouraje Nouyòkè yo evite vwayaje akòz sitiyasyon danjere tanpèt sa a kapab kreye sou wout ak liy ray tren New York yo. Otorite Pòtyè (Port Authority, PA) a pral sispann sèvis Otorite Pòtyè Trans-Hudson (Port Authority Trans-Hudson, PATH) lan a 3 PM. Sèvis anwo tè Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an pral repati konsa: Transpò Vil New York (New York City Transit) pral sispann sèvis anwo tè a 2 PM. Ray Tren Staten Island (Staten Island Railway) pral kontinye opere nan lè sa a. Ray Tren Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) pral sispann sèvis ant apwoksativman 2:30 rive 3:30 PM, avèk dènye tren yo ki ap kite Penn Station ak Atlantic Terminal. Metro-North pral sispann sèvis ozalantou 3:00 PM, avèk dènye tren yo ki ap kite Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la. Anplis de sa, yo deja entèdi trelè vid ak tandèm yo sou pon ak tinèl MTA a, pon Otorite Pòtyè yo, ak sou yon kantite lòt wout atravè rejyon sid New York. Yon kantite gwo wout gen ladan Long Island Expressway, I-84 ak anpil wout pak yo kapab fè fas tou ak entèdiksyon vwayaj si pousantaj chit nèj yo atenn pousantaj de (2) a twa pous pa èdtan yo prevwa a.

"Tanpèt sa a ap kreye kondisyon vwayaj ki danjere atravè pifò Eta a, sa ki rann li enpòtan anpil pou ke Nouyòkè yo rete lakay yo epi rete lwen wout yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Previzyon yo ap pwojete ke pousantaj chit nèj la kapap atenn jiska de (2) pous pa èdtan apre midi a, epi lè sa rive, sa rann li ekstrèmman difisil pou chasnèj yo kenbe sèvis la, espesyalman avèk lòt veyikil yo ki sou wout la. Ekip nou yo

ak premye sekouris iijans yo deja ap travay di epi yo totalman prepare pou ede nenpòt lokalite ki nan bezwen asistans. Tanpèt sa a se pa yon bagay pou nou jwe avèk li, kidonk, yon fwa ankò, tanpri rete lwen wout yo, swiv atantivman sèvis meteyo lokal ou a, epi kontakte vwazen ou ak moun pwòch ou yo pou asire yo an sekirite."

Yo prevwa ke tanpèt la, ki deja kòmanse pwodwi nèt nan rejyon sid la pandan lanwit lan, ap yon evènman ki ap dire lontan avèk nèt ki ap etann nan direksyon nò jodi a rive aswè a epi ki ap kontinye pou kèk kote jiska mèkredi maten, espesyalman nan kèk pati nan North Country, Southern Tier ak New York Santral. Yo prevwa total nèt ki pi wo yo nan Vil New York, Long Island, ak rejyon Mid-Hudson yo, kote kèk zòn kapab obsève jiska de (2) pye nèt disi madi maten. Lòt pozisyon yo nan Rejyon Kapital la, NY Santral, Mohawk Valley ak Southern Tier ta dwe obsève jiska yon pye nèt oswa plis disi ta nan madi apre swa.

Yo prevwa pousantaj chit nèt yo ap ogmante nan 1 rive nan 3 pous pa èdtan pita apre midi a pandan ke tanpèt la ap pwogrese nan direksyon nò. Rafal van yo kapab atenn jiska 80 kilomèt pa èdtan oswa plis nan Long Island, espesyalman rejyon lès Long Island kote rafal van nan vitès 96 kilomèt pa èdtan kapab rive, pandan anpil kote nan rejyon nò a kapab obsève rafal van nan jiska 64 kilomèt pa èdtan. Nèt souffle ak poud nèt pral gen chans lakòz vizibilite ki redwi ak kondisyon pou kondui ki danjere nan kèk zòn.

Zòn kotyè Long Island yo ak Queens kapab eksperimante plizyè seri inondasyon, espesyalman pandan mare wo yo ak nan pozisyon vilnerab, ki nan ba altitud yo. Previzyon aktyèl yo prevwa de (2) rive twa (3) pye inondasyon anwo nivo tè a nan zòn nan ba altitud, ki vilnerab yo, patikilyèman aswè a, sa ki ka bay kòm rezilta anpil fèm ti wout epi ki ka lakòz inondasyon jeneral nan espas paking ki nan ba altitud yo, pak yo, gazon yo ak kay/biznis yo avèk sousòl yo ki toupre bò dlo yo.

Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la nan zòn ou an.

Akòz enpak yo prevwa tanpèt la pral genyen sou sistèm transpò New York la, tandèm kout ak kong yo rete entèdi sou kèk pòsyon nan Thruway Eta New York (New York State Thruway) la. Espesyalman, sa gen ladan I-87 soti nan Liy fwontyè Vil New York rive nan Sòti 24 nan Albany, epitou sou tout I-95 ak I-287. Anplis de sa, yo entèdi trelè vid yo sou I-87 ant Sòti 8 rive Sòti 21A, sou Anbranchman Berkshire (Berkshire Spur) a ak sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Mario M. Cuomo Bridge) a. Yon rediksyon vitès nan 72 kilomèt pa èdtan an vigè sou I-87 ant Sòti 17 pou Newburgh ak liy fwontyè NYC a, ansanm ak I-287, I-95 ak Wout Pak Garden State (Garden State Parkway) la. Yo redwi vitès limit sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a nan 56 kilomèt pa ètan. Yo pral deplwaye avètisman vitès konsa nan 72 kilomèt pa èdtan sou Wout Pak Eta yo (State Parkways), Route 17, I-684 ak I-84.

Yo te egzekite tou entèdiksyon pou trelè sou wout yo andeyò sistèm Thruway la. Aktyèlman, trelè vid ak tandèm yo entèdi sou pon ak tinèl MTA yo, pon Otorite Pòtyè

yo, I-84 soti nan liy Eta Pennsylvania rive nan liy Eta Connecticut, sou Route 17 nan Lès Binghamton rive nan liy fwontyè Eta New Jersey, ak sou tout longè I-684.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan

Sant Operasyon ijans (Emergency Operations Center) Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la rete aktive akòz pandemi COVID-19 la epi li pral siveye depre kondisyon meteyowolojik yo, kowòdone operasyon entèkansyon Eta a epi li pral rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Estòk Eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk 3,645 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Anplis de sa, pou sipòte aktivite nèt ak glas nan zòn kritik yo, yon total 162 pèsònèl anplis nan rejyon nò, ki gen ladan: Yo ap deplwaye soti nan lòt rejyon yo 150 operatè kamyon chasnèt, 4 ekip sipèvizè chasnèt, 2 Enstriktè Operatè Ekipman (Equipment Operator Instructors), 4 mekanisyen, 1 sipèvizè mekanisyen ak 1 ofisye sekirite; 24 kamyon chasnèt, 6 aparèy pou soufle nèt ak 2 kamyon sèvis mekanik. Yo distribiye yo konsa:

Mid-Hudson

- Ap resevwa 25 operatè chasnèt, 4 sipèvizè, 5 kamyon chasnèt ak 2 aparèy pou soufle nèt ki soti nan NY Santral
- Ap resevwa 10 operatè chasnèt ak 5 kamyon chasnèt ki soti nan Finger Lakes
- Ap resevwa 40 operatè chasnèt ki soti nan Rejyon Lwès New York
- Ap resevwa 11 operatè chasnèt ki soti nan North Country
- Southern Tier (zòn Binghamton):
- Ap resevwa 10 operatè chasnèt ak 4 kamyon chasnèt ki soti nan Rejyon Lwès Southern Tier
- Ap resevwa 2 aparèy pou soufle nèt ki soti nan North Country

Long Island

- Ap resevwa 10 operatè chasnèt, 5 kamyon chasnèt, ak 1 aparèy pou soufle nèt ki soti nan Rejyon Kapital la
- Ap resevwa 20 operatè chasnèt, 5 kamyon chasnèt, 1 aparèy pou soufle nèt, 2 mekanisyen, ak 1 kamyon sèvis mekanik ki soti nan Mohawk Valley
- Ap resevwa 1 enstriktè operatè ekipman ki soti nan New York Santral
- Ap resevwa 1 sipèvizè mekanisyen ki soti nan Rejyon Lwès New York
- Ap resevwa 1 enstriktè operatè ekipman ki soti nan Rejyon Lwès Southern Tier

- Ap resevwa 24 operatè chasnèj, 2 mekanisyen, ak 1 kamyon sèvis mekanik ki soti nan North Country
- Ap resevwa 1 ofisye sekirite ki soti nan NYC

Ekip rejyonal yo angaje yo kounye a nan preparasyon kont nèj ak glas. Tout lokal rezidansyèl yo pral rete ak anplwaye yo pou operasyon yo 24/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Tout ekipman ki disponib pou nèj ak glas pare pou deplwaye.

Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1,625 gwo kamyon chasnèj
- 175 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 316 gwo chajè
- 38 aparèy pou soufle nèj

Aktyèlman, genyen yon entèdiksyon sou trelè vid ak trelè tandèm yo sou wout sa yo:

- I-84 soti liy Eta Pennsylvania rive liy Eta Connecticut
- Route 17, Lès nan Binghamton rive liy Eta New Jersey
- tout longè I-684

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway la gen 694 sipèvizè ak operatè ki pare pou entèvni avèk 252 gwo chasnèj, 100 chasnèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 63 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 119,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Otorite Thruway la te deplwaye 10 chasnèj anplis, 1 gwo aparèy pou soufle nèj ak 20 operatè ki soti nan Divizyon Buffalo ak Syracuse li yo pou ale nan Divizyon New York la kote yo prevwan tanpèt la ap genyen yon pi gwo enpak.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

Yo entèdi aktyèlman tout tandèm yo, sa ki kout ak sa ki long, nan Thruway Eta New York la nan pozisyon sa yo:

- I-87 soti nan Liy Fwontyè NYC rive Sòti 24 (Albany)

- I-95 (Thruway New England)
- I-287 (Cross Westchester Expressway)

Yo entèdi tou tout trelè vid sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, I-87 ant Sòti 8 rive Sòti 21A ak Anbrachman Berkshire a. Yon rediksyon vitès nan 72 kilomèt pa èdtan an vigè sou I-87 ant Sòti 17 pou Newburgh ak liy fwontyè NYC, ansanm ak I-287, I-95 ak Pak Eta Garden State la. Yo redwi vitès limit sou Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a nan 56 kilomèt pa ètan. Yo pral deplwaye avètisman vitès konsa nan 72 kilomèt pa èdtan sou Wout Pak Eta yo (State Parkways), Route 17, I-684 ak I-84.

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forestye yo, pèsonèl Jesyon Ijans yo, ak pèsonèl rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap kontwole dewoulman sitiwayon an epi yo ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki gen plis chans pou yo afekte anba gwo move tan yo. Resous ki disponib yo, gen ladan motonèj ak Veyikil Touteren (All-Terrain Vehicle, ATV) yo deplwaye yon fason estratejik nan pifò zòn ki afekte anpil yo pou asiste nan nenpòt entèvansyon ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi yap swiv depre kondisyon meteyowolik ak enpak yo. Inite motonèj Lapolis Pak Eta (State Park Police) ak ekip Siyè pak (park Sawyer crews) la prepare pou asiste nan entèvansyon kont tanpèt la. Vizitè pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Sèvis piblik New York genyen apeprè 6,000 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo te fè preparasyon pou move tan yo prevwa a pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesèsè.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prè pou yo deplwaye Ajan Patwouy adisyonèl jan sa nesèsè nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo tankou veyikil kat-pa-kat, motonèj, ak veyikil itilite yo (Utility Terrain Vehicles, UTV), deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Otorite Pòtyè

Avèk gwo akimilasyon nèj yo prevwa a, konbine avèk gwo van ak inondasyon kotyè yo, Otorite Pòtyè yo ankouraje tout moun evite vwayaj ki pa nesèsè nan tout rejyon an pou kenbe wout yo lib pou veyikil ijans yo ak operasyon pou retire nèj yo. Gran majorite vòl yo pou vini epi pou soti nan ayewopò Otorite Pòtyè a deja anile pou jodi a. Vwayajè yo atravè ayewopò Otorite Pòtyè yo ta dwe verifye dirèkteman avèk liy ayeryèn yo a pou dènye enfòmasyon yo sou reta yo, anilasyon yo, ak chanjman rezèvasyon yo. Men konpayi transpò otobis yo ki ap opere soti nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè (Port Authority Bus Terminal) a te sispann operasyon yo tou jodi a. Vwayajè yo ta dwe verifye avèk konpayi transpò otobis yo pou mizajou ak chanjman operasyon yo. Akòz gwo van yo, yo entèdi tout trelè traktè vid yo, traktè tandèm yo, motosiklèt yo sou Pon Georges Washington (Georges Washington Bridge) lan ak pon Staten Island yo. Pwomnad Sid (South Walk) sou Pon Georges Washington lan, santye a izaj pataje a nan Pon Bayonne (Bayonne Bridge), ak santye a izaj pataje a nan Pon (Goethals) la fèmen epi yo pral rete fèmen pandan dire tanpèt la. Apati 3 PM, tout veyikil sistèm PATH la anjeneral pral sispann. Pasajè yo ta dwe ajiste plan vwayaj yo an konsekans epi pran prekosyon pandan yo ap antre ak soti nan estasyon PATH yo. Pandan kondisyon yo chanje nan tout rejyon an, nou akouraje kliyan yo verifye pou mizajou yo sou medya sosyal etablisman Otorite Pòtyè a, enskri pou alèt PA yo, oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo pou dènye enfòmasyon sou etablisman Otorite Pòtyè a.

Lòt konsèy sekirite

Sekirite Ivè

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.

Aksidan transpò yo se koz prensipal lanmò ak blesi pandan tanpèt nèj yo. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre pou kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Sekirite Manje

- Konnen kote kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Estoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyan ijans
- Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:
 - Flach ak pil siplemantè;
 - Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo;
 - Twous premye swen ak manyèl;
 - Manje ak dlo pou ijans;
 - Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo;
 - Medsin esansyèl yo; ak
 - Chekye, lajan kach, kat kredi, ak kat ATM.

Pou plis konsèy sou sekirite pou tout kalite kondisyon meteyo, ale sou sit wèb DHSES la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)